

Imfashanyo ya FEMA Ishobora Gufasha Gukora canke Gusubiriza Ivyuma Bishusha Amazi Munzu

Uri mwen'inzu yaronse imfashanyo ya FEMA yo gusanura inzu? Munyuma waratoye ko icuma gishusha amazi cononywe n'Igihuhusi Ida?

Hamwe icuma gishusha amazi coba kitarishwe na asiranse yawe, FEMA ishobora kugikoresha canke ikagisubiriza. Ariko utegerezwa kubishikiriza FEMA mu rwandiko no gushiramwo amarisiti yerekana urugero rw'ivyosubigwamwo.

FEMA ishobora kuriha gushika kugiciro kigezweho c'ico cuma gishusha amazi. Iyo wakoreshije canke ugasubiriza icuma co gushusha amazi, FEMA ishobora gutanga imfashanyo mugihe urugero n'amarisiti nyayo yatanzwe mu rwandiko. Iyo usavye imfashanyo, raba neza ko watanze raporo ya buri kintu cononekaye kucuma gishusha amazi bitumwe n'Igihuhusi Ida.

Amafaranga araboneka ku barokotse bakwiye imfashanyo mu burere bwa **Bronx, Kings, Nassau, Queens, Richmond, Rockland, Suffolk, na Westchester**, bwari mw'itangazo rya Leta ku gihuhusi. Inzu za benezo zibawemwo nizo zonyene zibereye kuronka imfashanyo. Inzu z'uburuhukiro hamwe n'inzu za kabiri ntizikwije ibisabwa ngo zironke iyo mfashanyo.

Imfashanyo yo gusanura inzu iraboneka kubafise amazu yabo bonyene ku bintu bitarihwa na asiranse canke bikarihwa kurugero rutoyi, hamwe n'ibindi vyakoze mu kuriha ibintu vyatumwe n'ikiza kugira inzu igire umutekano, amagara meza kandi yongere gukora. Imfashanyo runaka ya FEMA iraboneka kandi kubindi bintu bigize inzu yawe nyamukuru harimwo nk'ibisima vy'amazi, inzira ijana umwanda, ibishusha amazi, n'ibindi bikoresho vy'umuriro.

Ibuka ku mutwe: Utegerezwa gutuma ikete ryawe risaba imfashanyo mu minsi 60 inyuma y'itariki waronkeyeko ikete ry'ingingo ya FEMA. Kandi urabe neza ko washizemwo impapuro zishigikira ikete ryawe nk'amarisiti y'ivyo wasanuye canke urugereranyo rwavyo, n'ubundi buhamya bwo gushigikira ikete rwawe ryo gusaba imfashanyo.



FEMA

Umaze gutuma ikete ryawe muri FEMA, ushobora kwitegura ikete ry'ingingo ya FEMA mu minsi 90 FEMA iryakiriye.

Ufise ibibazo bijanye n'ingene wotuma ikete ryawe muri FEMA, temberera ikigo co Kugarukira Abahuye n'Ikiza – [DRC Locator \(fema.gov\)](https://www.fema.gov/drc-locator) – canke **hamagara umurongo** wa FEMA kuri **800-621-3362**. Ni waba ukoresha umurongo ukoresha video (VRS), cake ibindi, tanga iyo numero muri FEMA. Abakoresha iyo mirongo baba bahari kuva isaha 2 z'igitondo gushika isaha 1 y'umugoroba buri munsu. Fyonda 2 ushaka Igisupanyoro, fyonda 3 ushaka umusiguzi avuga ururimi rwawe.

Ushaka gusaba imfashanyo y'ikiza, ushobora kandi guhamagara ku murongo wa terefone ya bose, temberera [DisasterAssistance.gov](https://www.disasterassistance.gov) canke ukoreshe umurongo wa FEMA.

Abantu bafise imishahara mito bari mumanza zaturutse ku Gihuhusi Ida bashobora guhamagara k'umurongo wa terefone y'ubuntu: 888-399-5459. Niwaba wipfuzaga ko abakorana n'amategeko baguterefone, uzuza ifishe kuri <https://nysba.org/ida>. Uburorero bw'ubufasha bujanye n'amategeko ni nka:

- ☐ gutanga inama ku bibazo vya nyene inzu n'abamukoteye iyo nzu.
- ☐ ubufasha mu kwandika amakontra yo gusanura inzu n'abazozisanura.
- ☐ ibibazo bijanye n'icungerwa ry'ibiciro nk'iduzwa ry'ibiciro no kwirinda abantu bakora amakontra y'ibinyoma mu gusubira kwubaka.
- ☐ ubufasha mukurinda imfashanyo ziva muri Leta.
- ☐ ubufasha ku birego bijanye n'ubuzima, kwa muganga canke asiranse y'imitungo
- ☐ gusubiriza imirage n'izindi mpapuro z'amategeko z'akamaro zatakaye canke zononekaye mu gihe c'ikiza.
- ☐ gutanga inama ku bijanye n'ingorane ziboneka mu kugura inzu.

Ushaka amakuru menshi ku murongo hamwe n'igitabu ca FEMA ushobora kwibikira n'ibindi bikoresho, temberera [DisasterAssistance.gov](https://www.disasterassistance.gov) uce ufyonda "Information."

Iyo utumwe kuyandi mashirahamwe afasha mu bibazo runaka mu karere ubayemwo, terefona 211 canke utemberere <https://www.211nys.org/contact-us>. Ku baba muri New York City, hamagara 311.

Ushaka amakuru agezweho yo kugarukira ku barokotse Igihuhusi Ida muri New York, temberera [fema.gov/disaster/4615](https://www.fema.gov/disaster/4615). Dukurikire kuri Twitter ku twitter.com/femaregion2 na facebook.com/fema.